

Nama: _____ Nomor : _____

1. Sambungna pratelan lan wangsulan kang bener kanthi narik garis!

Pungkasan karampungane
pasulayan utawa
dredah.

Jejer

Perangan wiwitane crita kanggo
nepungake tokoh/paraga,
swasana, lan bibit kawit tumuju
crita sabanjure.

Pasulayan

Dumadine perkara kang kudu
diadhepi dening para
paraga.

Panguharane
prakara

2. Cocogno anatarane teknik ngrakit drama lan jawaban kang bener kanthi
cara narik label ing kothak sing wis disedhiyakake!

Nemtokake tema,
paraga, konflik, amanat,
lan anta wacana.

Teks drama kang
nggunakake basa saliyane
basa Jawa dadi teks drama
basa Jawa.

Ngowahi wujud karya
gancaran menyang
wujud pacelathon.

Transformasi

Njarwakake

Langsung



Wacanen teks drama ing isor iki!

Patih Logender : Kula, pun Patih Logender (kanthi gela-gelo) ngaturaken sembah pangabekti Kanjeng Ratu.

Ratu Kencana Wungu : Iya paman Patih Logender, daktampa sembah bakti sira, ora liwat pangestuku tampanana!

Patih Logender : Matur nuwun Kanjeng Ratu, Pangestu panjenengan kula pundhi, kula kancing ing gelung minangka jejimat anggen kula ngabekti ing Majapahit.

Sindhureja : Kula Sindhureja, mentri mamanca negara ing brang kilen, ngaturaken sembah pangabek mugl konjuk Gusti Ratu Kencana Wungu.

Ratu Kencana Wungu : Dak tampa sembah bektinira, puja pangestuku tumanduk marang sira.

Minak Koncar : Semanten ugi, kula inggih ngaturaken sembah pangabekti Kanjeng Ratu Kencana Wungu.

Ratu Kencana Wungu : Dhawah sami-sami Paman Minak Koncar. Panjenengan minangka sesepuhing praja, kula suwun ampun kendhat paring pitedah lan panyaruwe dhumateng kula!

Minak Koncar : Pancen awrat jebibahan menika, ananging tetep badhe kula sandhang kanthi suka renjumbuh kaliyan kadiwasaning pikir lan kawasisan kula.

Ratu Kencana Wungu : Sabanjure...,kepriye kahanan para nayaka lan kawula ing Majapahit, Paman Patih?

3. Pilihén jawaban kang bener kanthi cara *klik* tandha panah!

- Sapa asmane ratu kang murba wasesa kraton Majapait?
- Sang ratu kagungan patih, sapa asmane?
- Sapa asmane mentri mamanca negara?
- Sapa Minak Koncar iku?

